

## BAB III MÉTODEU PANALUNGTIKAN

### 3.1 Desain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan kuantitatif kalawan métodeu kuasi ékspérimén. Métodeu kuasi ékspérimén atawa disebut ogé ékspérimén semu, nyaéta hiji panalungtikan ngagunakeun kelas ékspérimén kalawan henteu maké kelas kontrol (Nazir, 2014, kc. 73). Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 123) métodeu kuasi ékspérimén dibagi jadi tilu rupa, nyaéta 1) *one shot case study*; 2) *pretest and posttest*; 3) *static group comparison*.

Desain anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta *pre-test jeung post-test*. Ieu panalungtikan dilakukeun ku cara mere *pre-test* anu tuluy dibéré *treatment* sangkan ngalatih kamampuh siswa dina pangajaran nulis warta kalayan ngagunakeun modél *Concept Sentence*, anu satuluyna dilakukeun *post-test*. Desainna saperti di handap ieu.

<b>O<sub>1</sub></b>	<b>X</b>	<b>O<sub>2</sub></b>
----------------------	----------	----------------------

Desain Panalungtikan *pretest* jeung *post-test*

Arikunto (2013, kc. 124)

Keterangan:

O<sub>1</sub> = *Pretest*

X = *treatment* pangajaran ngagunakeun modél *Group Investigation*

O<sub>2</sub> = *Post-test*

### 3.2 Sumber Data

Ieu panalungtikan dilaksanakeun di SMA Negeri 8 Bandung anu lokasina di Jl. Solontongan no. 3 Kota Bandung. Ieu sakola ngabogaan 33 kelas. Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas XI IPS 1 SMA Negeri 8 Bandung Taun Ajar 2018/2019 anu jumlahna aya 36 siswa, 16 lalaki jeung 20 awéwé.


Tiara Umari Nurul Fazrin, 2019

**MODÉL PANGAJARAN CONCEPT SENTENCE PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS WARTA (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS XI SMAN 8 BANDUNG TAUN AJAR 2018/2019)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 3.3 Prosedur Panalungtikan

Pamarekan nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan *kuantitatif* anu ngagunakeun métodeu kuasi ékspérimén. Métodeu kuasi ékspérimén bisa disebut ogé métodeu ékspérimén semu, nyaéta panalungtikan anu maké kelas ékspérimén, henteu maké kelas kontrol. Ieu métodeu mangrupa salah sahiji métodeu panalungtikan anu kawilang produktif sabab dipaké pikeun ngajawab hipotésis anu geus dirumuskeun. Desain anu dipaké nyaéta désain *pretest and posttest group design*. Prosedur panalungtikan bakal ditétélakeun saperti ieu di handap.



Bagan 3.1

#### Prosedur Panalungtikan

Anapon léngkah-léngkah nu dilaksanakeun dina ngumpulkeun data nyaéta ieu di handap.

- 1) Masalah anu karandapan dina pangajaran nulis

Saméméh ngalaksanakeun panalungtikan, panalungtik ngayakeun wawancara jeung guru Basa Sunda SMA Negeri 8 Bandung ngeunaan masalah atawa pasualan anu aya di kelas nalika nepikeun matéri ajar warta hususna di kelas XI IPS 1 luyu jeung kurikulum nu digunakeun nyaéta kurikulum 2013 édisi révisi 2017.

2) Rumusan masalah

Sabada ngaidéntifikasi masalah, panalungtik ngarumuskeun masalah dumasar pasualan anu karandapan nyaéta kamampuh nulis warta di kelas XI IPS 1 SMA Negeri 8 Bandung.

3) Raraga tiori

4) Ngarumuskeun hipotésis

5) Ngarumuskeun instrumén

6) Ngumpulkeun data (*pretest, treatment, post-test*)

Sabada kapanggih masalah anu aya di kelas XI IPS 1 SMA Negeri 8 Bandung taun ajar 2018/2019, tuluy panalungtikan ka kelas, fungsina pikeun ngumpulkeun data. Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés. Tés dilakukeun dua kali nyaéta *pre-test* jeung *post-test*. *Pre-test* dilakukeun saméméh *treatment*, tujuanana pikeun mikanyaho kamampuh siswa saméméh ngagunakeun modél *Concept Sentence*. Sedengkeun *post-test* dilaksanakeun sanggeus *treatment* anu tujuanana pikeun mikanyaho kamampuh siswa sanggeus ngagunakeun modél *Concept Sentence*.

7) Analisis data

Data anu geus aya nyaéta data *pre-test* jeung *post-test*. Dina ieu tahap nu dilakukeun ku panalungtik nyaéta nganalisis data ku cara ngagunakeun rumus-rumus statistik ngaliwatan aplikasi *SPSS PASW* ver 18.

8) Nyusun laporan panalungtikan

Sabada tatahar, ngalaksanakeun panalungtikan, jeung nganalisis data, panalungtik nyusun laporan panalungtikan.

### 3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés nu ngawengku *pre-test* jeung *post-test*. *Pre-test* mangrupa test nu dilaksanakeun pikeun ngukur kamampuh nulis warta saméméh maké modél *Concept Sentence*, sedengkeun *post-test* mangrupa test pikeun ngukur kamampuh nulis warta nu dilaksanakeun sanggeus maké modél *Concept Sentence*.

Anapon léngkah-léngkah nu digunakeun dina ngumpulkeun data saperti ieu di handap.

- 1) Siswa dibéré tés awal (*pre-test*) pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis warta saméméh maké modél *Concept Sentence*.
- 2) Sabada mikanyaho hasil *pre-test*, panalungtik nataharkeun naon waé anu dibutuhkeun nalika prosés pangajaran nulis warta kalawan maké modél *Concept Sentence*.
- 3) Nepikeun matéri nulis warta kalawan ngagunakeun modél *Concept Sentence* dina lumangsungna prosés pangajaran. Ieu kagiatan disebut *treatment (perlakuan)*.
- 4) Sanggeus ngalaksanakeun *treatment*, siswa dibéré tés ahir (*post-test*) pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis warta sanggeus ngagunakeun modél *Concept Sentence*.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta lembar tés. Dina prak-prakana panalungtikan baris dilaksanakeun tés awal (*pre-test*) jeung tés ahir (*post-test*) anu tujuanana pikeun mikanyaho pangaweruh siswa kelas XI IPS 1 SMAN 8 Bandung, saméméh jeung sanggeus diajar ngagunakeun modél *Concept Sentence*.

Ieu di handap mangrupa soal unjuk kerja nu dibérékeun ka siswa.



- a) Mariksa hasil karangan siswa tina *pre-test* jeung *post-test* dumasar kana aspék nu dipeunteun, saperti nu katitén dina tabél 3.1 di handap.

Tabel 3.1

## Skala Skor Aspék nu Dipeunteun dina Tés Nulis Warta

No.	Aspék	Skor	Kriteria
1	Eusi	27-30	HADÉ PISAN - SAMPURNA: eusi jeung judul warta geus luyu, organisasi eusi, kabasaan, jeung éjahan geus sampurna.
		22-26	CUKUP - HADÉ: eusi jeung judul warta geus luyu, organisasi eusi, kabasaan geus bener tapi aya kénéh kasalahan tina éjahan.
		17-21	SEDENG - CUKUP: nangtukeun judul geus hadé tapi teu luyu jeung eusi.
		13-16	KURANG PISAN: dina nangtukeun eusi jeung judul teu luyu.
2	Organisasi Eusi	18-20	HADÉ PISAN - SAMPURNA: sampurna (lengkep kalawan aya judul warta, titimangsa, téras warta, jeung eusi warta)
		14-17	CUKUP - HADÉ: aya saeutik kasalahan dina nulis struktur warta (judul warta, titimangsa, téras warta, jeung eusi warta)
		10-13	SEDENG - CUKUP: geus maham kana struktur warta, tapi loba kasalahan dina eusina.
		7-9	KURANG PISAN: teu lengkep, loba pisan kasalahan.
3	Kosa Kecap	18-20	HADÉ PISAN - SAMPURNA: struktur kalimah bener, jelas tur éfisién.
		14-17	CUKUP - HADÉ: struktur kalimah bener, jelas jeung éfisién tapi kurang merenah.
		10-13	SEDENG - CUKUP: struktur kalimah bener, jelas tapi teu éfisién.
		7-9	KURANG PISAN: struktur kalimah teu bener, teu jelas tur teu éfisién.

4	Kabasaan	22-25	HADÉ PISAN - SAMPURNA: sampurna (merenah ngagunakeun kecap pangantét di, ka, ti, jeung rarangkén hareup di-, ka-, ti- ).
		18-21	CUKUP - HADÉ: aya saeutik kasalahan dina ngagunakeun kecap pangantét di, ka, ti, jeung rarangkén hareup di-, ka-, ti-. Aya sababaraha kecap nu teu kaharti tapi teu ngaleungitkeun ma'na.
		11-17	SEDENG - CUKUP: kurang maham jeung loba ngaleungitkeun ma'na.
		7-9	KURANG PISAN: teu lengkep, loba pisan kasalahan.
5	Éjahan	5	HADÉ PISAN - SAMPURNA: sampurna ngawasa pisan kana kaédah panulisan, bener, euweuh kasalahan dina éjahan.
		4	CUKUP - HADÉ: geus maham, kadang salah éjahan tapi teu ngarobah ma'na.
		3	SEDENG - CUKUP: cukup maham, loba kasalahan dina éjahan tapi teu ngarobah ma'na.
		2	KURANG PISAN: teu maham, loba pisan kasalahan, sarta ngarobah ma'na.

(Hartfield, spk, 1985 kc. 91 jeung Nurgiyantoro, 1988, kc. 305-306 dina Kuswari, 2010, kc. 183 kalayan diropéa).

- b) Méré peunteun jeung nganalisis hasil *pre-test* jeung *post-test* nulis warta kalawan ngagunakeun rumus:

$$\text{Peunteun} = \sum \text{skor nu kahontal tina unggal aspék}$$

- c) Ngasupkeun peunteun kana tabél ieu di handap.

Tabel 3.2

Tabél Format Peunteun *Pre-Test* jeung *Post-Test* Nulis Warta

No Absén Siswa	Aspék nu Dipeunteun					P	Kategori
	A	B	C	D	E		

Tiara Umari Nurul Fazrin, 2019

**MODÉL PANGAJARAN CONCEPT SENTENCE PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS WARTA (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS XI SMAN 8 BANDUNG TAUN AJAR 2018/2019)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Keterangan:

A = Eusi

B = Organisasi eusi

C = Kosa kecap

D = Kabasaan

E = Éjahan

P = Peunteun

Kategori = peunteun  $\geq 75$  siswa dianggap mampu nulis warta  
peunteun  $< 75$  siswa dianggap can mampu nulis warta

### 3.6.1 Uji Sipat Data

Pikeun nguji sipat data dilakukeun ku cara uji normalitas jeung uji homogénitas. Data kuantitatif dina ieu panalungtikan dianalisis ku cara maké aplikasi *SPSS PASW* versi 18. *Statistical Product and Service Solutions* (SPSS) mangrupa hiji program nu ngabantuan prosés ngolah, ngitung, jeung nganalisis data statistik. Data *input* anu dianalisis nyaéta hasil *pre-test* jeung *post-test*, jeung *indeks gain* anu satuluyna dijabarkeun dina *output* hasil analisis SPSS.

#### 3.6.1.1 Uji Normalitas

Tujuan dilakukeun uji normalitas nyaéta pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa miboga distribusi anu normal, salaku sarat anu kudu dicumponan pikeun nguji kamampuh dua rata – rata. Nurutkeun Sujarweni (2014, kc. 55) uji normalitas miboga tujuan pikeun mikanyaho distribusi data dina variabel nu dipaké. Data anu alus jeung layak digunakeun nyaéta data anu miboga distribusi normal.

Uji *Kolmogrov-Smirnov* atawa uji sampel *Shapiro Wilk* bisa digunakeun pikeun nangtukeun data nu miboga sifat normal atawa teu normal. Anapon hipotésis pikeun uji normalitas saperti ieu di handap.

$H_0$  : distribusi data normal

$H_1$  : distribusi data teu normal

Uji normalitas dilakukeun ku cara uji *Shapiro Wilk* ku taraf signifikan 5% ( $\alpha=0,05$ ). Kriteria uji normalitas nyaéta saperti ieu di handap.

$H_0$  ditarima, lamun nilai signifikansi  $\geq 0,05$

$H_1$  ditolak, lamun nilai signifikansi  $< 0,05$

Tiara Umari Nurul Fazrin, 2019

**MODÉL PANGAJARAN CONCEPT SENTENCE PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS WARTA (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS XI SMAN 8 BANDUNG TAUN AJAR 2018/2019)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



### 3.6.1.2 Uji Hipotésis

Uji hipotésis dilakukeun pikeun ditarima atawa henteuna hipotésis. Nurutkeun Mustaqim (2017, kc. 38) dina nangtukeun uji hipotésis téh aya dua cara. Saupamana data hasil uji normalitas nunjukkeun hasil yén éta data téh miboga distribusi data anu normal, ku kituna éta data téh dina nguji hipotésisna ngagunakeun statistik paramétris kalawan ngagunakeun *t-test*, sedengkeun saupama data teu miboga distribusi nu teu normal, ku kituna oikeun nguji hipotésisna ngagunakeun statistik non-paramétris kalawan ngagunakeun *Wilcoxon Match Pairs Test*.

Ditarima atawa henteuna hipotésis ditangtukeun ku ieu di handap.

$H_0$  (Hipotésis Nol) = teu aya béda anu signifikan antarta kamampuh nulis warta siswa kelas XI IPS 1 SMAN 8 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Concept Sentence*.

$H_1$  (Hipotésis Alternatif) = aya béda anu signifikan antarta kamampuh nulis warta siswa kelas XI IPS 1 SMAN 8 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Concept Sentence*.